

### 3 rezon pou vinn jwenn nou

- Ou ap travay nan edikasyon : direktè lekòl, pwofesè, asosyasyon...
- Ou ap travay nan depatman Lwès, Sidès, Nip, Sid oswa nan Grandans nan peyi Dayiti.
- Pwojè a enterese w' epi ou ta renmen konn plis toujou sou sa nap fè a.



Edikasyon ak biznis nan peyi Dayiti



**HAÏTI** Futur

Josette BRUFFAERTS-THOMAS  
28 PLACE JEANNE D'ARC 75013 PARIS  
TEL : 01.45.82.44.23  
EMAIL : [contact@haitifutur.com](mailto:contact@haitifutur.com)  
WEB : [www.haitifutur.com](http://www.haitifutur.com)

**EDIKASYON NIMERIK**

Ak sipò



## Objektif pwojè edikasyon nimerik la

Pou ka gen bon lekòl pou chak timoun nan peyi a. Poutèt sa nap eseye fè 3000 elèv gentan patisipe nan pwogram sa nan premye faz la.

## Kèk enfomasyon sou pwogram edikasyon nimerik la

Lap dire 36 mwa (soti mwa dawout 2010 pou rive mwa dawout 2013)

Nap soti Pòtoprens pou n' rive Jeremi (Leogan, Tigway, Jakmel - Lamontay ak Fon Jan-Nwèl - Aken, Okay, Kanperen, Zabriko)

Fondasyon Frans banou pou n'fè pwojè a, men nap travay tou ak Ministè Edikasyon Nasyonal, DIENA (Delegasyon Intèmisnisteryèl pou Edikasyon nimerik nan Lafrik), GRAHN (Gwoup Refleksyon ak aksyon pou yon lòt Ayiti), Gwoup Alfa.

## Yon pwogram eksperimental ak plizyè pati ladann

Nou met ekipman nimerik nan 60 klas nan lekòl primè piblik ak prive nan Sid peyi a. Premye pati travay saa se pou met ekipman kote tranbleman an te fè pi plis dega.

Fòmè pwofesè pou fè kou nan klas nimerik sa yo nan peyi a.

Fè leson yo nan lang kreyòl ak franse pou klas premyè ane primè (syens eksperimental, lekti/ekriti, matematik) epi fè pwofesè yo jwenn yo.

